6+

# Нур

ISSN 0207 - 6551

10

2015



**БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас**
*(Пэщӏэдзэр 9-нэ къыдэкӏыгъуэм итщ)*

# ЮЛЫФБЕЙ



Л л
Лэгъупыкъур зэмыфэгъущ,
Дахэ дыдэщ, уафэ тхьэгъущ.

Лъ лъ
Лъабжьэщӏэкӏэр сыт? Кӏэртӏофщ.
Псы зыщӏешэ, щӏыпцӏэм щӏоф.

Лӏ лӏ
«Лӏыфӏ къуэфӏ хуэщкъым» –
жевмыгъэӏэ,
Щэн, фӏэлӏыкӏ, Ӏулыдж зиӏэгъыӏэ.

М м
Мазэр уэгум щоджэрээ,
Цӏыху мэлъатэ мазэм нэс.

Н н
Нэгъуджэшхуэ Ӏулъу дадэ
Пӏэкум исщ, хъыбар еӏуатэ.

О о
Осетинхэр ди гъунэгъущ,
Дыззрощӏэ, ди ныбжьэгъущ.

П п
Пажэ ящӏыр фӏыуэ еджэрщ,
Ӏуэхукӏи куэд зыхуэзэфӏэкӏырщ.

Пӏ пӏ
«Пӏапӏу» жиӏэм, хэт зымыщӏэр.
Арщ щӏагъашхэр ди жэмыщӏэр.

Р р
Руматӏ цӏыкӏур – бзу джабэплъщ,
Уи фӏэщ мыхъумэ – мэзым щеплъ.

С с
Сэхураныщхьэр дыгъэм ещхыщ,
Къытепсамэ зыхуегъэщхъ.



**Т т**

Тощыр инрэ и пщэр хишу
Къэзыкlухьыр ди гуэгушырщ.

**Тl тl**

Тlыгурывэу дыхьэшхэн,
Хэт lэбэкlэ уигъэщlэн?!



**У у**

Уэсбзууплъыр жыгым пысщ,
Жыг къудамэм мылыр пызщ.

**Ф ф**

Фащlэ lэээ къуажэм дэсщ,
Яхуещl lэщыхъуэхэм lэпслъэпс.



**Фl фl**

Фlанэр жанмэ, фlыуэ мапщlэ,
Щlауlукl жаныным папщlэ.




**Х х**

Хэтlэхэсэр – нарт бэнэкlэт,
Къигъэлъагъуэу я зэфlэкlыр.



**Ху ху**

Хуарэр къабзэщ, хуарэр лъагэщ.
Зыхуей хуагъэээхукlэ дахэщ.

**Хь хь**

Хьэкlэзэпхым уегъэбамплэ,
Уи щыгъыныр ещl пlастхъапlэ.

**Хъ хъ**

Хъэтlыр дахэ – къэджэгъуафlэщ,
Абджыр махэ – къутэгъуафlэщ.

**Хъу хъу**

Хъумбылейр – лъэнтхъуийщ, зэгъащlэ,
Гъурцхэм ядожей игъащlэм.

Ц ц
Цымамэу шыдыр къыдохуэкӀ,
Мыарэзыуэ къытхуоплъэкӀ.

ЦӀ цӀ
ЦӀахуэр – блэшхуэщ, хъунщ зы тон.
УрысыбзэкӀэ – питонщ.



Ч ч
Чыныр мылым щагъэву,
ВыщӀэр бэкхъым къыщобу.

Ш ш
Шэр ягъэпщтри хах къуейлъалъэ.
Гъэшым уимыгъэмэжалӀэ.

Щ щ
ЩакӀуэр куэдрэ макӀуэ мэз,
ХьэкӀэхъуэкӀэр мэзым щӀэсщ.

ЩӀ щӀ
ЩӀэрыкӀуафэр тепх нэужь
КъыщӀэщынур уэсу хужьщ.



Ы ы
«ЫӀ-ыхьы» щыжаӀэр – ар
Ӏуэхур къащемыхъулӀарщ.

Э э
Эскимосхэр тундрэм исщ,
Яхэт сфӀэщӀкъым щӀыӀэрыс.

Ю ю
Юрэ школым щӀэтӀысхьащ,
Зэрынэсуи «тху» къихьащ.

Я я
ЯтӀэм, фӀейм хэлъын зыфӀэфӀхэр
Кхъуэхэр, шыдхэр, джэду нэфхэрщ.

Ӏ Ӏ
Ӏэр ятхьэщӀыр, ӀэкӀэ машхэ,
ЗымытхьэщӀыр мэхъур фашхэ.

Ӏу Ӏу
Ӏуэху ялэжьу, жыпӀэр ящӀэу
Пхуэгъэсарщ хэзагъэр гъащӀэм.





*КЪУЭДЗОКЪУЭ Фатимэ*

# ТХЬЭКIУМЭКIЫХЬ КЪЭРАБГЪЭ

**Таурыхъ**

Псей жыг лъэдийм кIэрыгъэщIауэ жей мыщэр гъы макъым къигъэушащ. Ар едэIуапэм – ТхьэкIумэкIыхь цIыкIур зэщыджэрт.

– Сыту сынасыпыншэ сэ! Сыту сытхьэмыщкIэ сэ! Сэр фIэкIа ишхын щхьэ ямыгъуэтрэ къашыргъэми, дыгъужьми, бажэми. Сэри абыхэм сащошынэри къызэрыслъагъуу зызогъэпщкIу. Апхуэдизу щхьэ сышынэкъэрабгъэ? – зыухыжыпэрт псэущхьэ цIыкIум.

Мыщэжьым ар фIэгуэныхь хъуащ. Едэхэщlэну зыщиIэтым, Iэуэлъауэм игъэщта ТхьэкIумэкIыхьыр, тхъытхъытхъ, щIэцIывэжащ.

Мыщэжьыр талайкIэ абы кIэлъыплъа иужь, и щхьэр игъэсысщ, и жьэпкъым етIэхъури пыгуфIыкIыу ежьэжащ.

Пщэддджыжьым жьыуэ къэуша Къанжэм хуейм и курыкупсэм ит ашыкышхуэм занщIэу гу лъитащ. Псом япэ псори зэзыгъэщIэну зыфIэфI къанжэм ар гъунэгъуу щызэпиплъыхьым къилъэгъуащ «Нэхъ къэрабгъэ дыдэ псэущхьэм ейщ» жиIэу зэрытетхар.

– Уэ-хьэ-хьэхь! Сызэрытеун къэзгъуэтащ. Бажэм дежкIэ секIуэкIынщи згъэбэмпIэнщ, – жиIэри ежьащ.

Цыплъыр щхьэукъуауэ Iуащхьэм телъти, Къанжэм къыигъэщтащ:

– Бажэ цIыкIу, хэт нэхъ лъэщ дыдэу мы мэзым щIэсыр? – жери.

– Емынэм уимыхькIэ, уэ бзу кIэкIэрейр, сыкъэбгъэщтащ! Ар сыт упщIэкIэ делэ! Сэращ нэхъ лъэщ дыдэр! Ар япэрауэ. ЕтIуанэрауэ. Iэмалищэрэ зырэ зыщIэ бажэжьым къилъхуахэм сащыщщи, сэр нэхъырэ нэхъ Iэмалшы мы мэзым щIэскъым.

– НтIэ нэхъ къэрабгъэ дыдэр хэт? – увыIэртэкъым Къанжэр.

– Си жейр степхуащ, Къанжэ. Уи цыр сымыщ щIыкIэ зыIуегъэх! – губжьащ Бажэр.

– Хъунщ, хъунщ, умыгубжь. Шэджагъуэнэужьым хуейм деж накIуэ, зэхуэс щыIэнущи, – жиIэри Къанжэм Дыгъужьым дежкIэ игъэзащ.

Дыгъужьыр мэжалIэти гукъыдэжыншэу Къанжэм къыIущIащ:



– Сигу ирихьын хъыбар къысхуомыхьэмэ, къызжиӀакъым жумыӀэж, зыц къыптезнэнкъым. ИӀэ, къипхъ...

– Зы упщӀэ закъуэ сиӀэу арат, мэл кӀапэ ещэ Дыгъужьыжь, – зыхуигъэцӀыкӀуащ абы Къанжэм.– Хэту пӀэрэ нэхъ къэрабгъэ дыдэу мы мэзым щӀэс псэущхьэр?

– Арат иджы къысхуумыгъэфащэу къэнэжар! Сэра къэрабгъэкӀэ уэзщыр!? ЗыӀуегъэх, узыӀурызмыдзэ щӀыкӀэ.

– Хъунщ, хъунщ, умыгубжь. Шэджагъуэнэужьым хуейм деж накӀуэ, зэхуэс щыӀэнущи, – жиӀэри Къанжэр лъэтэжащ, адрей псэущхьэхэм хъыбар яригъэщӀэну.

Шэджагъуэнэужьым мэзым псэущхьэу щӀэсыр хуейм деж щызэхуэсауэ ашыкым щхьэкӀэ зодауэ, зэрофыщӀ. Къэрабгъэу зыми зимумысыжми дэтхэнэми ашыкым дэлъыр ейуэ тхьэ щиӀуэжырт.

Дыгъужьым лъэщыгъэкӀэ ашыкыщхьэр яфӀытричри и гурыӀупсыр къажэу абы щиплъэм:

– Хэт нэхъ къэрабгъэу фхэтыр? – жиӀэу гъуахъуэу Мыщэр къипщащ.

Псэущхьэхэр щтэри щхьэж и занщӀэу мэзым щӀэлъэдэжащ, ТхьэкӀумэкӀыхьым фӀэкӀ къэмынэу.

– Уэ ущӀэпхъуэжакъыми-тӀэ? – зыхуигъэзащ абы Мыщэм.

– Сэ, зиусхьэн Мыщэ, псом нэхърэ сынэхъкъэрабгъэщ, – жиӀащ абы, и макъыр кӀэзызу.

– Уэра псом нэхърэ нэхъ къэрабгъэр? Зыплъыхьыт-тӀэ! Дэнэ щыӀэ Дыгъужьри, Бажэри? Ахэр псори къысщышынэри щӀэпхъуэжащ. ТхьэкӀумэкӀыхь цӀыкӀу, умышынэу, ущӀэмыпхъуэжу пэжыр жыпӀащи уэр нэхърэ нэхъ лӀыхъужь мы мэзым щӀэскъым. Ар сыт щыгъуи уигу игъэлъ.

А тӀур зэбгъэдэту къэзылъэгъуа псэущхьэхэм Мыщэр зи ныбжьэгъу ТхьэкӀумэкӀыхьым и Ӏей абы иужькӀэ зэрахуэжакъым.



# ЩIЭБЛЭ

***ВЭРОКЪУЭ ДАЯНЭ*** илъэс 12 и ныбжьщ, Налшык 29-нэ гимназием фIы дыдэу щоджэ. Урысейпсо литературнэ зэпеуэм усэ тхынымкIэ япэ увыпIэр къыщихьащ.



***ТОХЪУ Алинэ*** Налшык дэт 29-нэ гимназием фIы дыдэу щоджэ. Урысейпсо литературнэ зэпеуэм усэ гъэхуауэ къыщеджэри япэ увыпIэр къихьащ.



**КЪУЭШЫРОКЪУЭ АМЕЛИЕ** илъэ си 3 и ныбжьщ, Налшык къалэ.



**СОКЪУР МУРАТ** илъэси 3 и ныбжьщ, Налшык къалэ.



***БЕКЪАН Инарэ*** Налшык дэт 27-нэ школым 2-нэ классым фIы дыдэу щоджэ. «Абыхэм Россиер ирогушхуэ» тхылъым ар 2014 гъэм ихуащ.



***МЭКЪУО Идар*** Урыху къуажэм щыщщ, илъэситI и ныбжьщ.

# АДЫГЭ МАХУЭГЪЭПС

## Бжьыхьэку (октябрь) мазэ



2 – **ТУТ Заур,** Урысей, Къэбэрдей-Балъкъэр, Абхъаз, Къэрэшей-Шэрджэс, Дагъыстэн Республикэхэм я цӀыхубэ артистыр, къыщалъхуа махуэщ (1951).



3 – **ШЭРДЖЭС (ЧЕРКАССКИЙ)** Михаил, Урысейм япэу генералиссимус цӀэ лъапӀэр зыфӀаща (1695) адыгэр къыщалъхуа махуэщ (1645).

4 – Псэущхьэхэр щагъэлъапӀэ дунейпсо махуэщ.

5 – ЕгъэджакӀуэхэм я махуэщ.



7 – **ТӀЫХЪУЖЬ Алий,** Урысейм и цӀыхубэ артистыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал саугъэтыр зратар, къыщалъхуа махуэщ (1917).



10 – **ЩОМАХУЭ Амырхъан,** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цӀыхубэ усакӀуэр, къыщалъхуа махуэщ (1910).







15 – **ЛЕРМОНТОВ Михаил** – урыс усакӀуэшхуэр къыщалъхуа махуэщ.

Мы махуэм къалъхуащ:

**МЫСОСТЫШХУЭ Пщызэбий** – Урысейм щэнхабзэмкӀэ щӀыхь зиӀэ лэжьакӀуэр, Абхъаз Республикэм и цӀыхубэ артистыр;

**ӀУТӀЫЖ Борис** – тхакӀуэр, усакӀуэр, щӀэныгъэлӀыр, Урысейм щэнхабзэмкӀэ щӀыхь зиӀэ лэжьакӀуэр.



16 – **КЪАРДЭН Бубэ** – Къэбэрдей тхакӀуэр, щӀэныгъэлӀыр къыщалъхуа махуэщ (1917).



18 – **КӀУЭКӀУЭ Валерэ** – Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президентыр къыщалъхуа махуэщ (1941).



22 – **КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд** – Къэбэрдей-Балъкъэрым и цӀыхубэ тхакӀуэр, Урысейм щэнхабзэмкӀэ щӀыхь зиӀэ лэжьакӀуэр къыщалъхуа махуэщ (1929).



20 – **ТЭРЧОКЪУЭ Къамболэт** – Социалист Лэжьыгъэм и ЛӀыхъужь цӀэ лъапӀэр зыфӀащар къыщалъхуа махуэщ (1911).



28 – **ЩОДЖЭНЦӀЫКӀУ Алий** – къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтӀылъа тхакӀуэ, усакӀуэ иныр къыщалъхуа махуэщ (1900).

## ДИ ЩІЫНАЛЪЭМ И ФЭЕПЛЪХЭР

# 910-НЭ ЛЪАГАПІЭ



Хьэтlохъущыкъуей Ищхъэрэ къуажэм пэгъунэгъуу бгъщхьэм тетщ фэеплъ. Абы зэреджэр 910-нэ лъагапlэщ.1942 гъэм и август – сентябрь мазэхэм мыбы зауэ гуащlэ щекlуэкlауэ щытащ. Ерыщу, икlуэтын мурад ямыlэу лъагапlэм щызэпэщlэуващ 37-нэ армэм и 2-нэ гвардейскэ дивизэ генерал-майор Захаров зи унафэщlымрэ бгылъэ щlыпlэхэм щызэуэным хуагъэхьэзыра румын пащтыхь дивизэ генерал Думитрескэ зи унафэщlымрэ. Лъагапlэр зэпаубыдауэ щытыхункlэ Тырныауз къалэм дэт вольфрам, молибден къыщlыщlах комбинатыр къурш щхьэдэхыпlэм и чэзум ягъэlэпхъуауэ щытащ.

Каспий тенджызым и lуфэмрэ щlыдагъэ къыщыщlах щlыпlэхэмрэ Адольф Гитлер и дзэхэм сентябрым зэраубыдынумкlэ шэч къытрахьэжыртэкъым. Ауэ 910-нэ лъагапlэм мазитlкlэ щызэуа ди сэлэтхэм я лlыхъужьыгъэм и фlыгъэкlэ фашистхэм я мурадхэр къехъулlакъым. А лlыгъужьыгъэм и фаеплъ лъапlэщ мы сурэтым щыфлъагъур.

***МАЛЕЙ Фатимэ***



...
Дэрбзэрым игъабзэ,
Бзэ жану зэlубзэ.
(Лэныстэ)

...
Мылым къыщыфэ,
Мылым щыфий.
(Чын)

ЩОДЖЭН Леонид

# КЪУАЖЭХЬХЭР

...
Къэкlухьлъакъуэ,
Лъакъуэ кlыхь,
Ди пщlантlэкур
Къэзэыфыхь.
(Гуэгуш)

...
Зи кlэр кlыхь,
Зи дзэпэр щхъухь.
(Бла)

...
«У»-р мыхъуатэмэ,
Ар «джэд» хъунт.
Сыту пlэрэ ар?
(Джэду)

ХЬЭТУ Пётр

# МЭД ЗЕГЪЭПСЭХУ

Нэхур мэщыр... Нэху щыпащ.
Пшэплъым щlылъэр ириlащ.
Къэушахэщ псэ зыпытыр,
Феплъыт хадэм, губгъуэм итым!
Іуэхуу щlапхъэхэр мымащlэ,
Къэтэджам зыгуэрхэр ящlэ:
Бзухэм шырхэм шхын къыхуахь,
Бжьэхэм удзым фо къыпах...
Хъумпlэцlэджым, зи цlыкlуагъ,
Къыкъуэмыщу зикl и къуагъ,
Щымышынэу и гугъуехьым,

Нартыху хьэдзэ иныр ехьыр!..
Къазым шырхэр хъуакlуэ деш,
Жэнэтбзум уэрэд къреш...
Дадэ жэмыр lэхъуэм дехур...
Псоми гуапэу жьы къащlехур –
Къахуеlэтыр я гунэджыр...
Мад и закъуэщ къэмытэджыр –
Ар щхьэхынэщ, хуэмыхуlейщ,
Къэтэджыну зикl хуэмей!
Ар шэджагъуэ хъуху хэлъынущ,
Къэмэжалlэмэщ щытэджынур...
Жеlэ: «Зыри къызжевмыlэ,
Си школ кlуэгъуэм lэджэ иlэщ...
Илъэс псокlэ сэ седжащ,
Цlыху ешамэ, сэ сешащ,
Ауи сщlэнукъым зы lуэху,
Сэ иджы зызогъэпсэху!..»

Егъэджакlуэхэм я махуэр ягъэлъапlэ

# УВЫПIЭ ЛЪАГЭ



Къэрмокъуэ Маринэ Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ, илъэс 30 хъуауэ Нарткъалэ дэт 2-нэ школым щолажьэ, математикэмкlэ егъэджакlуэщ. Ар а и lэщlагъэмкlэ нэхъ егъэджакlуэфl дыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъытащ икlи «КъБР-м и егъэджакlуэ нэхъыфlхэр» тхылъым иратхащ. Апхуэдиз илъэс бжыгъэ зэрылэжьам къыпхуэбжынкъым абы ехъулlэныгъэу иlамрэ щlыхь тхылъу къыхуагъэфэщамрэ.

Псалъэм щхьэкlэ, «Гъэм и егъэджакlуэ – 2010» 2-нэ степеным и дипломыр, школым щрагъэдж предметхэм я зэпыщlэныгъэу «Си бээ, си псэ, си дуней» жыхуиlэм и номинацэ «Есэпыр щlалэгъуалэм гъэсэныгъэ игъэныкъуэкlэ хэпщэн зэрыхуейр» 1-нэ степеным и дипломыр, «Россие зэгуэтым» и грамотэхэмрэ фlыщlэ письмохэмрэ, район, къалэ администрацэхэм, Рескомым и профсоюзхэм я Щlыхь тхылъхэр. Апхуэдэу пхуэмыбжынщ Маринэ иригъаджэ цlыкlухэм районым, республикэм, россиепсо зэпеуэхэм, олимпиадэхэм къыщахьа увыпlэ лъагэхэр.

***МАРЕМКЪУЛ Лиуан,***
Нарткъалэ

# ЕГЪЭДЖАКIУЭ ГУАЩIАФIЭ

Зи гъащlэри зи гуащlэри сабий гъэсэным езыхьэлlэ, цlыхугъэ дахэ зыхэлъ егъэджакlуэщ Къанкъул Майе Цоцэ и пхъур. Майе Къамылыкъуэ къуажэм дэт курыт еджапlэм илъэс куэд хъуауэ физикэмкlэ щрегъаджэ. Ар сыт щыгъуи иужь итщ еджакlуэхэм щlэныгъэ куу зарыритыным, хьэл-щэн дахэ зэрахилъхьэным. Дунейм гупсысэ нэхукlэ, гурыщlэ къабзэкlэ дезыгъаплъ егъэджакlуэщ Майе. Абы и урокхэм еджакlуэхэр дзэыхьэхын гъэщlэгъуэн куэд къыщагъэсэбэп. Аращ Майе щlыхь тхылъ куэд къыщlыхуагъэфэщар. Еджагъэшхуэ гуэрым жиlэгъащ: «Егъэджакlуэм и гуащlэр, фlыгъуэу езым бгъэдэлъ псори ярет и еджакlуэхэм». Апхуэдэ егъэджакlуэщ Къанкъул Майе Цоцэ и пхъур.



***ЦЫПIЫНЭ Дианэ,7 класс,***
Къамылыкъуэ къуажэ

# СИ ЕГЪЭДЖАКIУЭ



Сэ сыхуейщ дыщэ гъэжауэ
Орден гъуэзэджэ щыIэну.
«ЦIыхугъэ» жиIэу тетхауэ
Зыхуэфэщапэми иIэну.

Мы псалъэхэр итхауэ щытащ шэрджэс усакIуэшхуэ Хьэнфэн Алим. Ауэ сэ а орденым «ЦIыхугъэ» псалъэм и пIэкIэ

«ЕгъэджакIуэм» жиIэу тестхэнт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ егъэджакIуэ нэсырщ хабзэ, нэмыс, хьэл-щэн дахэ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъыр, щIэблэр фIыуэ зылъагъур. Апхуэдэщ Инаркъуей курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ, литературэмрэ щезыгъаджэ Хьэрэдурэ Эммэ.

Абы дэ кууэ дигъэджащ, фIыуэ дигъэлъэгъуащ адыгэбзэр, ар псэм нэхърэ зэрынэхъапэр зыхыдигъэщIащ. Сыт зэмани Эммэ дэ ди дэIэпыкъуэгъушхуэщ. Абы и лэжьыгъэр зэикI Iэпэдэгъэлэл ищIыркъым.

Аращ сэ Эммэ хуэдэхэм «ЕгъэджакIуэм» жиIэу тету орден естыну сыщIыхуейр, абыкIэ адрей цIыхухэм къахэзгъэфIыкIыу, къахэзгъэбелджылыкIыу щытын папщIэ.

***ПЭНАГУЭ Залым,***
Инаркъуей курыт еджапIэр
2014 гъэм къиухащ









***БЖЭНЫКIЭ ДАНЭ*** Налшык 24-нэ школым 4-нэ классым фIы дыдэу щоджэ, къэфэным зыхуегъасэ. Мы флъагъу сурэтхэмрэ гравюрэхэмрэ Данэ и Iэдакъэщ1экIщ.

# УРЫСЕЙПСО ФЕСТИВАЛЫМ



Белгород къалэм щекlуэкlащ «Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжыныгъэмрэ сыхуэхьэзырщ» (ГТО) урысейпсо физкультурэ-спорт комплексым и фестиваль. Урысей Федерацэм и щlыналъэ 75-м икlа школакlуэ 567-рэ абы хэтащ я ныбжьыр илъэс 11-м щlыщlэдзауэ 15-м нэсу. Ахэр зэпеуащ спорт, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ lуэхугъуэхэмкlэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икlахэм фlы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ. Дыщэ медалхэр зыlэрагъэхьащ Бахъсанёнкэ къуажэм дэт курыт еджапlэ № 3-м и еджакlуэ Пекъу Залинэрэ Прохладнэ къалэ округым хиубыдэ лицей № 3-м щеджэ Логвинов Егоррэ.

Дыжьын дамыгъэ хуагъэфэщащ Бицу Темырлан (Аушыджэр къуажэм дэт курыт еджапlэ), Бестаевэ Ликэ (Плановскэ курыт еджапlэ № 1), Милославская Александрэ (Прохладнэ лицей № 3), Дэдэхъу Темырлан (Бахъсэнёнкэ курыт еджапlэ № 3), Къарэжь Эльбрус (Тэрч къалэ еджапlэ № 2) сымэ.

Зи цlэ къитlуахэмрэ абыхэм я гъэсакlуэхэмрэ иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымкlэ и министр Хъущт Аслъэнбэч иригъэблэгъащ икlи ди республикэм и щlыхьыр къэралпсо утыкум зэрыщаlэтам папщlэ фlыщlэ яхуищlащ, фэеплъ саугъэтхэр яритащ.

# ДИСАНЭ СПОРТЫМ И МАСТЕРЩ

Гимнастикэр адыгэхэр нэхъ иужьу дээыхьэха спорт лlэужьыгъуэщ. Абы lэпкълъэпкъыр узыншэ, зэкlуж, лантlэ ещl икlи ныбжьыщlэ куэд дехьэх.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гимнасткэ нэхъыфlхэм ящыщщ Мокъуэ Дисанэ – ди республикэм, Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щlыналъэхэми, Урысей Федерацэми, дунейпсо зэпеуэхэми ехъулlэныгъэфlхэр щиlащ. Абы и щыхьэтщ къыхуагъэфэща медаль, кубок, грамотэ куэдыр. Ахэр иджыри щlэдзапlэу аращ. Дисанэ щlохъуэпс Олимп джэгухэм зыкъыщигъэлъэгъуэну.

Мокъуэ Дисанэ и зэфlэкlхэр иджыблагъэ къэралым къыщалъытащ. Абы къыфlащащ «Художественнэ гимнастикэмкlэ Урысей Федерацэм спортым и мастер» цlэ лъапlэр.



*Жыласэ Заур*

# Зебрэ

Адыгэбзэкlэ фlэщыгъэцlэ дилэкъым, ауэ шы кусэ е шы къуэлэн жыпlэмэ, ущыуэнукъым. Шы лъэпкъхэм зыми яхэмыгъуащэу апхуэдэу кусэу дунейм тетыр а зы губгъуэш закъуэращ.

Зебрэ псори кусэщ, зыри зэмыщхьу. Щхьэж езым и тхыпхъэ хэха, езым и кусэ ilэжщ. Зэхэгъэкlыгъуейщ, кусэ фlыцlэхэр щlыфэ хужьым хэтми, хужьыр фlыцlэм хэту арами. Зебрэхэм сабэм зыщыхакухькlэ я кусэхэр плъагъужыххэркъым. Ауэ жьым, шыгъашхэ гумызагъэм хуэдэу, а губгъуэшхэр егъэкъэбзэж. Аргуэрыжьуи ахэр къуэлэнрэ зэпэхъурей пшэру уолъагъу.

Зэ еплъыгъуэкlэ зебрэхэр джэгурейщ икlи мамырыфэ ятетщ. Яшхын сыт щыгъуи зыгъуэт шы яехэщ, жанхэщ, елуящlэхэщ, бжьыфlэ-лъагъугъуафlэхэщ. Кlэщlу жыпlэмэ, шы телъыджэ цlыкlухэщ. Я къарум къызэгуеч.



Ауэ, пэжыр жыпlэмэ, зебрэхэр къиинщ, зэуэрейщ, ябгэщ. Мэтхауэхэр икlи мэдзакъэхэр. Арыншауи хъуркъым: асльэнхэм, нэгъуэщl джэдуушхуэ лъэпкъ хьэкlэкхъуэкlэ бзаджэхэм яхэтщ, ядопсэу...

# Илъэс дапщэ псэурэ бзухэр?



Щхьэхуиту псэухэмрэ гъэру яlыгъымрэ я гъащlэр зэщхьэщокl. Гъэру яlыгъэхэр нэхъыбэрэ мэпсэу. Псалъэм щхьэкlэ, гъэру яlыгъ выгдыр илъэс 75-кlэ мэпсэу, щхьэхуитыр – илъэси 10–15 къудейщ.

Щlэныгъэлlхэр зэрыкlэлъыплъамкlэ, языныкъуэ бзухэр (адыгэ фlэщыгъэцlэ зилэхэр нэхъ къыхэтхащ), щхьэхуитми, гъэру яlыгъми, мыпхуэдиз илъэс бжыгъэкlэ мэпсэу.

Бабыщ (утка) – 17
Бжэндэхъу (скворец) – 2,5–19
Жьынду – 32, 53, 68
Дыгъурыгъуу (филин) – 34–53
Бзупсалъэ (попугай, ара) – 64
Бгъэ (орел) – 55
Бгъащхъуэ (беркут) – 45–80
Къаз (гусь, казарка) – 33
Къыу (лебедь) 23
Къру (журавль) – 47
Псыхэуэ (цапля) – 19–30
Хытхьэрыкъуэ (чайка) – 20–49
Тхьэрыкъуэ (голубь) – 28–30
Уэгунэбзу (жаворонок) – 20–22
Къашыргъэ (коршун) – 12–15
Пцlащхъуэ (ласточка) – 9
Вындыжь (грач) – 2,5
Жьец (лунь полевой) – 12







Зыгъэхьэзырар
***ХЬЭТУ Пётрщ***

Къэщlэрей и жэуапхэр: Джэрмэшыч, Къэщlэтау, Бээндэжий, Джэрпэджэж, Лашынкъей.

# ШАГЪДИЙ КІУЭКІЭ

Шахмат джэгукIэу шыр гъэбакъуэ, Къеджэ Iуащхьэцlэхэм. Ахэм Аргудан, Шэрэдж аузым, Аруан куейм уащыхуозэ, иужьырейр Налшык пэгъунэгъущ.

| | | |
|---|---|---|
| ДЖ | М | Ы |
| Ш | | Э |
| Р | Ч | Э |

| | | |
|---|---|---|
| Б | Э | И |
| ДЖ | | Э |
| З | Й | Н |

| | | |
|---|---|---|
| КЪ | КЪ | А |
| Т | | А |
| Щ | У | Э |

| | | |
|---|---|---|
| ДЖ | П | Э |
| ДЖ | | Э |
| Р | Ж | Э |

| | | |
|---|---|---|
| Л | Ы | Е |
| КЪ | | А |
| Ш | Й | Н |





Игъэхьэзыращ
***ДЫКЪУЭ Бэч***

Фи жэуапхэм феплъыж 15-нэ напэм.

*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 10 2015г.

Учредители:
Госкомпечати КБР по печати и массовым коммуникациям – издатель,
360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР».

Главный редактор
**Б. ГЕДГАФОВ**

Редколлегия:
**А. БИЦУЕВ**
**Х. КАРМОКОВ**
**Ф. МАЛАЕВА**

Художественный редактор
**Е. ФАДЕЕВ**

Свидетельство о регистрации
№ ПИ № ТУ07–00103 от 24 декабря 2014 г. Управления Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати
27.10.2015 г.
Выход в свет
30.10.2015 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага офсетная №1
Гарнитура ShoolBook, Arial Cyr
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2700
В розницу – цена свободная
Заказ № 164
Индекс 73912

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
ул. Головко, 6
42-75-30, 42-17-53
nur46@mail.ru

Отпечатано
ООО «Тетраграф»
г. Нальчик,
ул. Ленина, 33